



# Sibvansyon Global pou Developman Kominotè

## Rekiperasyon aprè Dezas (CDBG-DR)

### Rezime

Gouvènman Komin Oranj ap resevwa finansman Sibvansyon Global pou Developman Kominotè - Rekiperasyon après Dezas (CDBG- DR) ki soti nan men Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini (HUD) . Komin Oranj pral resevwa yon alokasyon ki nan \$219,712,000 pou ede kominote nan zòn ki te pi afekte yo pou rekipere apre siklòn lan. Montan sa a enkli \$191,054,000 pou bezwen ki pa satisfè yo ak \$28,658,000 pou alèjman.

#### Ki kalite pwojè CDBG-DR yo ye?

Pwojè CDBG-DR yo se aktivite ki gen rapò ak sekou an ka gen yon Dezas, rekiperasyon alontèm, restorasyon enfrastrikti, ak alèjman nan zòn ki pi frape yo ak zòn ki gen plis detrès yo.

Chak aktivite dwe:

- 1) abòde yon enpak dirèk oswa endirèk nan dezas la pou yon zòn ki te pi afekte ak zòn ki plis nan detrès;
- 2) yon aktivite ki elijib pou CDBG— prensipalman desèvi moun oswa zòn jeyografik kote moun yo pa gen gwo mayen oswa yon gen mayen modere  
(Tanpri al gade nan tablo revni CDBG a);
- 3) satisfè yon objektif nasyonal nan pwogram CDBG a

#### Egzanp Aktivite ki Kalifye yo

LOJMAN: nouvo konstriksyon, rekonstriksyon, ak reyabilitasyon lojman, èd pou pwopriyetè kay, pou achte, èd pou lwave, elatriye Enfrastrikti batiman publik yo, amelyorasyon publik, egale pwogram federal yo, ak elevasyon estrikti non rezidansyèl yo.

REPRIZ EKONOMIK: atraksyon, retansyon, ak retou biznis ak travay.

SÈVIS PUBLIK: konsèy sou zafè kay, konsèy ak reprezantasyon legal, fòmasyon pwofesyonèl, elatriye.

#### CDBG-DR Estimasyon delè

28 septanm 2022	Siklòn lan te ateri
15 mas 2023	Anonse Alokasyon HUD yo
18 me 2023	Piblikasyon Gid Rejis Federal yo
20 jiyè 2023	Sètifikasiyon Finansye yo Soumèt bay HUD
Septanm ak Oktòb 2023	Pwosesis Angajman ak Sansibilizasyon Kominotè
Novanm 2023	Piblikasyon Pwojè Plan Daksyon pou Kòmantè Publik yo.
Desanm 2023	Seyans Piblik BCC pou Plan Daksyon yo
January 2024	Plan Daksyon yo dwe soumèt bay HUD pou revizyon.
Nan Kòmansman 2024	Lansman Pwogram CDBG-DR la

#### Angajman Kominotè

Nan developman Plan Daksyon CDBG-DR li a, Komin Oranj gen entansyon pou mande jiridiksyon lokal yo, otorite lojman publik yo, gwoup defansè yo, ak patnè kominotè yo, ansanm ak sitwayen yo konsèy pou detèmine bezwen ki rete alontèm ak ki mezi alèjman dezas ki pi enpòtan.

#### Ki jan pou patisipe?

Si oumenm oswa yon moun ou konnen ki te afekte nan siklòn lan—nou ta renmen tande w! Komin lan ap mete yon sondaj disponib pou rezidan yo sou sitwèb CDBG-DR la: [www.ocfl.net/NeighborsHousing/OCDisasterRecovery.aspx](http://www.ocfl.net/NeighborsHousing/OCDisasterRecovery.aspx). Anplis de sa, ap gen reyinyon kominotè ki pral fèt nan tout distri komisyón Komin lan. Yo pral afiche orè reyinyon yo (dat, lè ak ki kote) sou sitwèb la.

Komin Oranj pap aksepte okenn aplikasyon pou finansman nan moman sa a. Nap fè piblik la konnen lè nap kòmanse aksepte aplikasyon.

ISI w bezwen èd nan limedya, ou ka kontakte 2-1-1.